

Delè Limit Pwolonje pou Demann Asistans Piblik FEMA

Release Date: Oktòb 30, 2024

RALEIGH, N.C. - Gouvènman lokal yo, kay adorasyon ak lòt òganizasyon san bi likratif yo nan [39 konte North Carolina ak manm tribi Eastern Band of Cherokee Indians](#) gen jiska 7 Janvye 2025 pou soumèt Demann Asistans Piblik (RPA) nan men FEMA. RPA a se premye etap pou òganizasyon piblik ak prive san bi likratif yo aplike pou asistans federal pou katastwòf.

FEMA te pwolonje dat limit la sou demann eta North Carolina.

Konte yo ak tribe ki deziyen yo te fè pati gwo deklarasyon katastwòf apre Tanpèt Tropikal Helene, ki te enkli [Pwogram Asistans Piblik FEMA a](#). Pwogram sa a bay eta, tribi ak lokal yo sibvansyon, ak sèten òganizasyon prive san bi likratif, sa ki gen ladan kay adorasyon, pou kominote yo ka reponn byen vit ak rekipere apre gwo dezas oswa ijans. Lajan sa yo sipòte nan retire debri, depans pou mezi pwoteksyon ijans ak restorasyon enstalasyon piblik yo, ede sivivan katastwòf yo reprann lavi nan kominote yo.

Aplikan ki elijib yo ka aplike pou asistans atravè eta Kawolin di Nò. Pou plis enfòmasyon sou soumèt yon Demann pou Asistans Piblik, aplikan yo ta dwe kontakte Jesyon Ijans North Carolina, oswa voye yon imèl pahotline@ncdps.gov.



FEMA

Page 1 of 1